





**Nivo Elemantè
Fè Lekti Lakay**

Plan pou Elèv k ap Aprann Angle yo

**YON GID POU PARAN POU DEVLOPE KONPETANS
LANG AK ALFABETIZASYON**



Chè Paran,

Antanke paran yon Elèv k ap Aprann Pale Angle, ou jwe yon wòl kle nan devlopman langaj ak akademik pitit ou a. Bonjan konpetans nan lekti esansyèl pou siksè, epitou gid sa a pwopoze konsèy pratik pou ede pitit ou a pwogrese lakay li.

Lekòl Leta Miami-Dade yo sipòte Elèv k ap Aprann Angle (ELL) epi y ap montre w kijan ou kapab kolabore ak pwofesè yo. Resous sa a gen ladan l enfòmasyon sou estanda WIDA yo ak Plan Fè Lektü Lakay Florid la (Florida Read-at-Home Plan), ki bay zouti adisyonèl pou devlopman lang.

Sipòte pakou lekti pitit ou a mande pasyans, konsistans, ak ankourajman. Fè lekti ansanm, aprann nouvo mo an angle oswa nan lang ki pale lakay la, epi kreye yon espas aprantisaj pozitif, ede elèv yo reyisi. Chak ti pa konte—ann travay ansanm pou devlope konpetans alfabetizasyon yo ak siksè nan lavni!

ESTANDA WIDA YO

M-DCPS itilize WIDA pou evalye ak sipòte elèv k ap aprann angle yo. Sistèm sa a mezire konpetans nan koute, pale, li ak ekri epi li klase nivo konpetans yo.



Konnen nivo WIDA pitit ou a ede ou sipòte aprantisaj li lakay li. Pwofesè yo itilize estanda WIDA tou pou planifye leson yo epi swiv pwogrè a.

Pou aprann plis bagay sou WIDA, klike sou lyen ki anba a:

Kisa ACCESS ye pou elèv ELL yo?
(plizyè lang)



LEKÒL LETA MIAMI-DADE

DEPATMAN EDIKASYON BILENG AK LANG

MONDYAL

Lekòl Leta Miami-Dade (M-DCPS) dedye pou sipòte Elèv k ap Aprann Pale Angle yo pou yo reyisi akademikman.

Men kèk sèvis kle:

Sipò pou ESOL nan salklas la: Pitit ou a ap resevwa ansèyman pèsonealize ki baze sou nivo konpetans li nan lang angle a, lè l sèvi avèk estanda WIDA yo pou gide leson yo epi evalye pwogrè li.

Modèl Livrezon pou Sipòte Akizisyon Lang:

- **Pwofesè Resous ESOL:** Li anseye elèv ESOL nivo 1 ak 2 (mwens pase dezan) lè li vize bezwen lang ak alfabetizasyon yo pandan sipò pou anndan klas la oswa andeyò klas la.
- **Pwofesè ESOL Otonòm:** Anseye elèv ESOL nivo 1 ak 2 (mwens pase dezan) lè li vize bezwen lang ak alfabetizasyon yo pandan blòk Lang ak Literati/Lekti a oubyen pandan blòk Lang ak Literati/Lekti a ak atravè domèn kontni yo.
- **Pwofesè CCHL:** Sipòte elèv ESOL Nivo 1-2 (ki nan pwogram nan pou mwens pase dezan) lè yo anseye matyè tankou matematik, syans ak syans sosyal an panyòl oswa kreyòl Ayisyen.

Resous pou Paran yo:

- **Pwogram Aprè Lekòl ak Leson patikilye:** Anpil lekòl ofri sipò adisyonèl atravè pwogram apre lekòl ak leson patikilye espesyalman pou Elèv k ap Aprann Pale Angle yo. Kontakte lekòl pitit ou a pou plis enfòmasyon.
- **Resous ak Atelye pou Paran yo:** Lekòl yo òganize atelye pou ede w sipòte aprantisaj pitit ou a lakay ou. Nan atelye sa yo, ou ka aprann estrateji pou ede pitit ou a lakay ou epi kijan pou w rete angaje nan edikasyon li.
- **Akademi Paran M-DCPS la, Bilingual Parent Outreach Program (BPOP):** Ofri atelye angajman paran ak videyo pou paran Elèv k ap Aprann Angle yo (ELL).
- **Lekti Nouvo Mond:** Pwogram sa a fèt pou ede paran yo devlope bonjan konpetans nan lekti atravè aktivite ak resous enteresan. Elèv k ap patisipe yo ap resevwa yon liv chak mwa pandan tout ane lekòl la. Anplis de sa, fanmi yo ap resevwa zouti ak sipò apwopriye pou ede pitit yo vin bon lektè.
- **Asistans Nan Lang:** Lekòl Leta Miami-Dade yo ofri asistans lang pou paran yo. Si ou bezwen èd pou konprann komunikasyon lekòl la oswa pou kominike avèk pwofesè yo, sipò lang disponib nan lekòl la.

Pou rete enfòme epi sipòte pitit ou aktivman, rete an kontak sere avèk lekòl la. Y ap ba ou konsèy, dènye enfòmasyon, ak resous espesifik pou bezwen pitit ou a.

IMAGINE LEARNING

Imagine Learning se yon progam dijital ki sipòte akizisyon angle a lè li amelyore konpetans nan vokabilè, lekti, ak pale atravè leson entèaktif. Pou pwogrè, elèv yo ta dwe konplete minit obligatwa yo chak semèn poukont yo, san asistans paran yo.

K-5: 60 Minit Chak Semèn

Pou plis enfòmasyon, tanpri klike sou lyen ki anba a.

Videyo Imagine Learning yo
[Angle](#) | [Panyòl](#) | [Kreyòl](#)



KAT DOMÈN LANG YO AK WÒL YO NAN DEVLOPMAN LEKTI

Devlopman lang enplike metrize domèn sa yo: koute, pale, lekti, ak ekriti. Lè w sipòte pitit ou a nan domèn sa yo, ou ka ranfòse konpetans lekti jeneral li epi mete yon fondasyon pou siksè akademik. Avèk pasyans, pratik, ak sipò, pitit ou a ap gen konfyans epi amelyore konpetans li nan angle.

➤ KOUTE

Kisa li ye?

Koute se kle pou konprann lang. Sa gen ladan tande son, rekonèt mo, epi entèprete siyifikasyon.

Ki jan ou ka ede lakay ou?

- **Koute istwa yo ak chante yo:** Jwe liv odyo oswa chante an anglè pou fè pitit ou a konnen bon pwononsyasyon ak bon vokabilè.
- **Pale ak yo sou sa yo tande:** Poze kesyon sou istwa a oswa chante a pou amelyore konpreyansyon yo.
- **Kreye yon anviwònman ki gen anpil aktivite pou tande:** Sèvi ak fim, podcast, ak nouvel ak divès aksan pou amelyore konpetans yo.
- **Repete epi koute ankò:** Jwe menm kontni an plizyè fwa ranfòse aprantisaj la.
- **Sèvi ak èd vizyèl:** Foto ak videyo ede konekte mo yo ak siyifikasyon yo.

➤ PALE

Kisa li ye?

Pale ede pitit ou eksprime lide, pataje panse, epi kominike. Ki jan ou ka ede lakay ou?

- **Fè konvèsasyon:** Pale chak jou konsènan lekòl, pastan, ak aktivite chak jou yo.
- **Ankouraje rakonte istwa:** Mande pitit ou a pou l rakonte istwa yo nan pwòp mo pa li.
- **Jwe jwèt wòl:** Eseye diferan senaryo pou amelyore kreyativite ak kominikasyon.
- **Bay felisitasyon ak koreksyon:** Ankouraje pale epi korije erè yo avèk dousè lè w sèvi ak yon egzanp pou w pale byen.
- **Pratike pwononsyasyon:** Konsantre sou mo ak son difisil yo, amelyore piti piti.



KAT DOMÈN LANG YO AK WÒL YO NAN DEVLOPMAN LEKTI

➤ LEKTI

Kisa li ye?

Lekti se konprann tèks ekri epi li esansyèl pou aprantisaj ak siksè akademik.

Ki jan ou ka ede lakay ou?

- **Li ansanm chak jou:** Kòmanse avèk liv ak imaj epi chanje pou ale nan liv chapit pandan tan ap pase.
- **Poze kesyon:** Pale konsènan istwa a pou amelyore konpreyansyon.
- **Montre nouvo mo yo:** Fè pitit ou a li ansanm epi eksplike mo li pa konnen yo.
- **Fè lekti a entèaktif:** Ankouraje prediksyon ak refleksyon sou istwa a.
- **Sèvi ak endikasyon ak imaj:** Ede konekte mo yo ak imaj pou pi bon konpreyansyon.
- **Kreye yon woutin:** Fikse yon lè lekti regilye pou kreye yon abitud.

➤ EKRTI

Kisa li ye?

Ekri ede timoun yo òganize panse yo, eksprime ide yo, epi kominike atravè tèks.

Ki jan ou ka ede lakay ou?

- **Ankouraje pitit ou a ekri nan yon jounal:** Mande l pou l ekri sou jounen li te pase a oubyen yon liv li te li.
- **Ekri istwa kout:** Pratike òtograf, ponktiyasyon, ak estrikte fraz ansanm.
- **Sèvi ak desen:** Kite yo desine anvan yo ekri pou òganize panse yo epi pou ankouraje kreyativite.
- **Pratike òtograf:** Fè li amizan avèk jwèt oswa defi òtograf.
- **Bay enstriksyon:** Enspire ekriti ak sijè tankou "Animal mwen pi renmen an" oswa "Jou ideyal mwen an."
- **Revize epi revize:** Li travay yo ansanm epi sijere amelyorasyon.



KONPREYANSYON AK VOKABILÈ: KLE POU REYISI NAN LEKTI

Konpreyansyon ak devlopman vokabilè lye ak kat domèn lang yo. Yon bon konpreyansyon pèmèt pitit ou a konprann nèt sa l ap li a, pandan anpil mo vokabilè pèmèt li eksprime panse l pi efikasan.

➤ KONPREYANSYON

Kisa li ye?

Konpreyansyon se konprann ak trete siyifikasyon yon tèks.

Ki jan ou ka ede lakay ou?

- **Poze kesyon:** Ale pi lwen pase "Kisa ki te pase?" pou w eksplòre detay ak siyifikasyon yo.
- **Rezime istwa a:** Mande pitit ou a pou l rakonte ide prensipal yo nan pwòp mo pa li.
- **Fè prediksyon:** Mande sa ki ka rive apre pou ankouraje angajman.
- **Konekte ak eksperyans:** Konekte istwa a ak evènman reyèl yo.
- **Dekonpoze ide yo:** Fè yon poz pou eksplike mo oswa konsèp difisil yo epi fè pitit ou a itilize mo pa li pou dekri yo.

➤ VOKABILÈ

Kisa li ye?

Vokabilè se mo nou konnen ak itilize yo. Yon vokabilè solid amelyore konpreyansyon ak ladrès nan pale.

Ki jan ou ka ede lakay ou?

- **Aprann nouvo mo ansanm:** Chèche nouvo mo epi sèvi ak yo nan fraz chak jou.
- **Jwe jwèt vokabilè:** Sèvi ak aktivite amizan tankou "Mwen wè" oubyen kat memwa.
- **Sèvi ak nouvo mo nan konvèsasyon:** Ankouraje pitit ou a pratike nouvo mo chak jou.
- **Mete etikèt sou bagay nan kay la:** Mete etikèt sou objè yo pou ranfòse siyifikasyon mo yo.
- **Kreye yon liv vokabilè:** Kite pitit ou a ekri nouvo mo epi desine foto.
- **Pratike fanmi mo:** Anseye mo ki gen rapò tankou "jwe," "jwè," ak "renmen jwe."



Plan Lekti Lakay M-DCPS pou Paran yo: KONSÈY POU SIPÒTE ELÈV KI AP APRANN ANGLE (ELL) YO

Plan Lekti Lakay M-DCPS la fèt pou ede paran yo devlope yon lanmou pou lekti an angle oubyen nan lang yo pale lakay yo epi amelyore konpetans yo nan alfabetizasyon.

- **Fikse yon woutin:** Li nan menm lè a chak jou pou kreye yon abitud.
- **Chwazi bon liv yo:** Chwazi liv enteresan, ki apwopriye pou nivo timoun nan, kòmanse avèk liv ak imaj oswa liv bileng.
- **Vizite bibliyotèk lokal ou a:** Tcheke liv gratis epi eksplòre yon gran varyete opsyon lekti san ou pa bezwen achte yo.
- **Li Ansanm Awotvwa:** Pran tou pa nou pou nou li istwa a epi pale sou li pou amelyore metriz nan lekti ak konpreyansyon.
- **Poze Kesyon:** Ankouraje panse kritik avèk kesyon ouvè sou istwa a.
- **Ankouraje ekri:** Mande pitit ou a pou l ekri rezime, lèt bay pèsonaj yo, oubyen kontinyasyon istwa.
- **Selebre Pwogrè:** Felisite efò yo pou kenbe yo motive.

RESOUS POU PARAN YO, VIDEYO, AK LYEN ITIL

Depatman Edikasyon Bileng ak Lang Mondyal M-DCPS

Gid Paran M-DCPS Angle | Panyòl | Kreyòl

Akademi Paran M-DCPS

Videyo ELL pou Fanmi yo: WIDA

ESOL - Angle Elemantè | Panyòl | Kreyòl

ESOL - Imagine Learning Angle | Panyòl | Kreyòl Plan Lekti Lakay M-DCPS Lekti

Nouvo Mond: Resous pou Fanmi



KESYON YO POZE SOUVAN



1. Ki moun ki pral anseye pitit mwen an?

Pitit ou a ap resevwa ansèyman nan men pwofesè sètifye nan Florid ki andose oswa sètifye nan ESOL tou, sa ki asire yo gen ekspètiz pou sipòte devlopman langaj pitit ou a.

2. Ki sipò pitit mwen an ap resevwa pandan l ap aprann angle?

Pitit ou a ap resevwa sipò espesifik ki baze sou plizyè done, tankou rezilta tèks ak travay nan klas, pou ede pwofesè yo planifye leson yo epi kontwole pwogrès yo. Y ap resevwa enstriksyon pou amelyore konpetans sosyal ak akademik yo an angle, sa ki pèmèt yo pi byen konprann leson yo nan klas. Resous aprantisaj dijital yo disponib atravè pòtal elèv la anvan, pandan ak apre lekòl. Anplis de sa, pitit ou a kalifye pou aranjman pou tèks yo, tankou plis tan pandan egzamen distri a ak leta yo epi aksè a yon diksyonè Angle/Lang Eritaj.

3. Kòman m ap fè konnen kijan pitit mwen an ap fè nan lang angle a ak nan lòt matyè yo?

Lekòl yo ap bay dènye enfòmasyon sou pwogrès pitit ou a nan lang angle pandan tout ane a. Ou ap resevwa tou rapò lekòl, rapò pwogrès, epi ou ka patisipe nan konferans paran-pwofesè yo. Ou ka tcheke nòt pitit ou a nenpòt ki lè atravè pòtal paran an oswa aplikasyon mobil M-DCPS la.

4. Ki tèks leta elèv k ap aprann lang angle yo dwe pase?

Tout elèv nan Florid, ki gen ladan Elèv k ap Aprann Angle (ELL) yo, dwe pran tèks estandadize nan tout eta a pou nivo klas yo a. Elèv K ap Aprann Pale Angle yo pran evalyasyon lang ACCESS la chak ane tou pou mezire konpetans angle yo. Rezilta yo ede detèmine si pitit ou a rete nan nivo ESOL li, si li monte nan yon nivo ki pi wo, oswa si li kite pwogram nan.

5. Kilè pitit mwen an ap kite pwogram ESOL la?

Chak ane, pitit ou a ap pran evalyasyon lang ACCESS la pou mezire konpetans ak plasman pou ane k ap vini an. Y ap kite pwogram ESOL la yon fwa yo rive nan nòt obligatwa yo nan egzamen ACCESS oubyen ACCESS ak egzamen Florid yo rele "Florida Assessment of Student Thinking"(FAST).